

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Dina bahasa Indonesia, kecap sastra téh asalna tina basa Sanskerta, tina akar kecap sas anu hartina méré pituduh, ngajar atawa instruksi. Ahiran –tra ilaharna nuduhkeun alat, sarana. Ku sabab kitu, sastra téh hartina alat pikeun ngajar, buku pituduh, buku instruksi atawa pangajaran (Koswara.2005:3).

Numutkeun Rosidi (1983) kecap sastra hartina hukum, aturan palanggeran. Istilah sastra di dieu dihartikeun sarua jeung “*literature*” nyaéta hiji cabang seni anu ngagunakeun basa minangka médiana, jadi anu aya patalina jeung kréativitas manusa. Nyaéta hasil kréativitas éstétis manusa nu gumelar dina basa.

Di urang ogé geus nyampak kasusastraan pituin, nyaéta dina wangun sastra buhun, saperti, pantun anu dina wangun prosana, sedengkeun dangding jeung sisindiran dina wangun puisina, jeung sajabana. Ngeunaan wangun karya sastra modéren atawa biasa ogé disebut karya sastra serepan anu asupna kaayeunakeun bawaning pangaruh ti bangsa Walanda nyaéta novél jeung sajak.

Novél téh karya sastra dina wangun prosa (lancaran) anu biasana eusina ngagambarkeun hiji carita, anu caritana panjang, tur unsur-unsur pangwangunna kompléks tur lengkep, biasa nyaritakeun kahirupan ngeunaan kanyataan sapopoé atawa ukur rékaan.

Nurutkeun Iskandarwassid novél téh nyaéta prosa rékaan (fiksi) anu naratif (ngawujud lalakon) umumna panjang galur caritana, plotna kompléks

(ngarancabang). Ku lantaran kitu wandana, novél mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi (1992:92).

Nurutkeun Rusyana, novél téh nyaéta carita panjang dina wangun lancar, jalan caritana loba bagian-bagianana. Kitu deui palakuna loba, mangsa anu kacaturna lila, langka aya hal anu pamohalan. Palaku, jalan carita, tempat, jeung waktu kajadianana bisa katarima ku akal (1982:125).

Nepi ka ayeuna geus loba kacatet pangarang-pangarang Sunda anu nulis novél, saperti, Godi Suwarna, Usep Romli, RAF, Aam Amilia, Adang S, jeung réa-réa deui.

Tina sakitu lobana para pangarang kasusastraan Sunda, salasaurang pangarang Sunda anu kawilang aktip dina nulis karya sastra nyaéta Tatang Sumarsono. Teu bisa dipungkir yén Tatang Sumarsono boga peran penting dina ngamekarkeun kasusastraan Sunda. Geus loba panghargaan-panghargaan sastra anu ditampa ku Tatang Sumarsono saperti dina taun 1992 meunang Hadiah Sastra Samsodi pikeun buku carita anak anu judulna *Si Paser*. Tatang ogé meunang Hadiah Sastra Rancagé dina taun 1993 pikeun novél anu judulna *Demung Janggala* sarta dina taun 2001 pikeun novél anu judulna *Galuring Gending*.

Leuwih ti sakali Tatang meunang Hadiah Basa/Sastra LBSS (Lembaga Basa jeung Sastra Sunda), nyaéta dina taun 1993, 2001 jeung 2003, kitu ogé jeung Hadiah Sastera D.K. Ardiwinata anu dimeunangkeunna dina taun 1993, 1994, 1995, 1998 jeung 1999. Nepi ka kiwari ieu pangarang geus nulis leuwih ti 30 judul buku anu diantarana waé aya karya sastra, biografi, buku pangajaran basa

jeung sastra, tur buku ngeunaan masalah sosial-politik (<http://www.ppss.or.id>, 2008).

Lolobana karya-karyana anu mangrupa carpon atawa novél eusina tara jauh tina konflik-konflik kahirupan masyarakat. Saperti permasalahan-permasalahan politik, sosial, jeung budaya.

Hal saperti kitu téh teu leupas tina pangaruh kahirupan si pangarang. Najan dikumahakeun ogé kahirupan sapopoé pangarang tangtuna bakal mangaruhan ogé kana eusi karyana.

Karya sastra diciptakeun ku pangarang pikeun dibaca, dilenyepan, jeung dimangpaatkeun ku masarakat. Malah bisa disebutkeun, yén antara sastra jeung manusa téh aya hubungan anu kausalitas di antara duanana. Sastra bisa mekar ku lantaran ayana éksisténsi manusa, jeung sastra ogé bisa mangaruhan kana individu manusa. Éta asumsi téh bisa muncul ku lantaran ayana kasadaran, yén sastra téh média anu subjéktif anu narékahan pikeun ngangkat pasualan réalitas objéktif anu aya di sabudeureun masarakat.

Dina karya sastra, utamana novél, dina enas-enasna mah eusina téh eunteung tina rasa, pangalaman, jeung pikiran pangarang dina hubunganana jeung kahirupan.

Skétsa kahirupan anu kagambar dina novél bakal méré pangalaman anyar pikeun anu macana, alatan naon waé anu aya di masarakat teu sarua persis jeung naon anu aya dina karya sastra. Hal éta bisa dihartikeun ogé yén pangalaman anu ditarima pamaca bakal mawa éfék sosial pikeun pamacana ngaliwatan panapsiran-panapsiranna. Pamaca bakal meunang hal-hal anu mungkin teu kaalaman dina

kahirupanana. Numutkeun Hauser (Ratna, 2003:63), karya sastra leuwih gedé dipangaruhanana ku masarakat tibatan mangaruhanana.

Sastra salaku gambaran kahirupan masarakat, saenyana gedé patalina jeung kalungguhanna pangarang salaku anggota masarakat. Antukna sacara langsung atawa henteu daya hayal pangarang dipangaruhan ku pangalaman manusiawina dina lingkungan kahirupanana. Pangarang hirup tur ngahiji jeung jalma lianna dina jero komunitas masarakatna, ku sabab kitu teu héran saumpama ayana interaksi tur interlasi antara pangarang jeung masarakat.

Sosiologi sastra minangka pamarekan anu neueur kana hubungan antara sastra jeung masarakat, anu dibahasna teu ngan saukur téks tapi ogé kontéksna. Sosiologi sastra nerangkeun ngeunaan gejala saluareun karya sastra anu jadi kontéksna saperti fénoména sosial, psikologi pangarang, idéologi, agama, budaya, jeung sajabana.

Sosiologi sastra bisa disebut salaku kritik mimétik, sabab mangrupa hiji kajian anu ngukur gambaran kahirupan dina hiji karya sastra. Anu ditalungtik nya éta hubungan antara aspék-aspék sastra jeung susunan kamasarakatan, lantaran sistem sosial kamasarakatan bisa mangaruhan hiji karya sastra. Ahli sosiologi sastra mibanda pamadegan ngeunaan éta hal, maranéhna maké pamiangan tina hiji sawangan sosial kamasarakatan. Para ahli sosiologi mibanda sikep kritis kana sistem masarakat anu keur lumangsung. Sikep kritis téh tumali jeung pangajén anu maca kana hiji karya sastra anu keur ditalungtik. Éta pangajén téh lain wungkul norma-norma sosial jeung étika, atawa saukur nangtukeun kumaha pangarang némbongkeun kaayaan sosial dina karya-karyana, tapi ogé ngajén kana

sawangan pangarangna.

Jadi bisa dicindekeun yén sosiologi sastra téh panginditanana tina disiplin élmu humaniora, anu notabéné taya patalina jeung sastra. Timbulna istilah sosiologi sastra ku sabab sastra raket pisan patalina jeung masarakat.

Sosiologi sastra mangrupa talaah ngeunaan masarakat ngaliwatan média karya sastra. Sosiologi sastra salawasna moal bisa dipisahkeun tina karya. Béda jeung élmu sosiologi umum, anu langsung ancub nalungtik masarakat, tanpa ngaliwatan média.

Dumasar kana sastra téh gambaran tina kahirupan masarakat, naha éta dina wangun puisi atawa prosa, anu dina enas-enasna mah mangrupa eunteung tina rasa, pangalaman, jeung pikiran pangarang anu hubunganana jeung kahirupan, panulis meunteun yén aya novél-novél karya Tatang Sumarsono anu ditalungtik ngeunaan hubungan antara galuring hirup jeung fakta kahirupanana nyaéta dina novél *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending*. Ku sabab kitu di dieu panulis nalungtik dumasar kana éta dua novél ku sabab ngagambarkeun kondisi sosial-masarakat dina mangsa-mangsa paciweuhna nagara ti mimiti mangsa Orde Baru (Orba) nepi ka mangsa Orde Réformasi jeung pamikiran-pamikiran anu diasupkeun dina jero karyana.

Saenyana panalungtikan séjén ngeunaan novél galuring gending téh, nyaéta skripsi anu judulna aspék sosiologis dina novel galuring gending, jeung dina tesis anu ngabahas ngeunaan sastra pasca réformasi ku Yayat Hédayana ti Unpas. Lian ti éta, aya ogé anu nalungtik éta novel, ngan analisisna tina sisi kabasaan, nyaéta, “*Prosés Morfofonémik dina Novel Galuring Gending*” ku Siska

Listiana, jeung hiji deui nyaéta “*Kecap Sipat Rajékan dina Novél Galuring Gending*” ku Ati Kusmiati. Aya ogé panalungtikan séjén ngeunaan “*Aspék Sosiologis dina Novél Galuring Gending*” ku Maésaroh, tapi panalungtikan éta museurkeun kana aspék sosiologisna.

Kitu ogé pikeun novel Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian geus aya nu nalungtik, ngan sarua tilikanana tina sisi kabasan, nyaéta “*Kecap Pagawéan Pasif dina Novél Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian (Tilikan Struktur jeung Sémantis)*” ku Monika Permanasari.

Nilik kana kasang tukang di luhur mangka ieu panalungtikan anu dibéré judul *Perspéktif Biografis dina Novél Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian jeung Galuring Gending Karya Tatang Sumarsono: Analisis Sosiologi Sastra* perlu dilakukeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Watesan masalah mibanda peran anu penting dina unggal wangun panalungtikan, diantarana salaku papagon anu ngalelebah masalah, nepi ka panalungtikan anu keur dipigawé téh henteu méngpar tina tujuan jeung rarancang awal. Di sagigireun ti éta, watesan masalah perlu pikeun ngécéskeun objék panalungtikan anu sabenerna. Sabab satemenna hakékat masalah-masalah anu disanghareupan téh pohara lobana.

Wellek jeung Warren (1995:111) nétélakeun ngeunaan tilu konsép sosiologi sastra, nyaéta: 1) sosiologi pangarang, 2) sosiologi karya, jeung, 3) sosiologi nu

maca. Dumasar kana tilu konsép sosiologi sastra di luhur, ieu panalungtikan diwatesanan kana masalah galuring hirup Tatang Sumarsono anu nyampak dina fakta carita novél *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending*.

### **1.2.2. Rumusan Masalah**

Masalah-masalah nu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) kumaha galuring hirup Tatang Sumarsono ti budak nepi ka kiwari?,
- 2) kumaha kalungguhan sosial Tatang Sumarsono?,
- 3) kumaha kasaluyuan antara galuring hirup Tatang Sumarsono jeung fakta carita dina novél *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending*?

## **1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Panalungtikan**

Panalungtikan sosiologi sastra mibanda tujuan pikeun ngaronjatkeun pamahaman kana karya sastra anu patalina jeung masarakat. Ieu panalungtikan téh ngajelaskeun yén sabenerna karya sastra mangrupa konstruksi imajinatif, anu henteu patukang tonggong jeung kanyataan. Karya sastra lain ngan saukur gejala individual, tapi bisa mangrupa gejala-gejala sosial (Ratna, 2003: 11).

Dumasar kana ésénsi tujuan di luhur, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa:

- 1) ngadéskripsikeun galuring hirup Tatang Sumarsono ti budak nepi ka kiwari,

- 2) ngadéskrripsikeun kalungguhan sosial Tatang Sumarsono,
- 3) ngadéskrripsikeun jeung nganalisis kasaluyuan antara galuring hirup Tatang Sumarsono jeung fakta carita dina Novél *Kolébat Kuwungkuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending*.

### **1.3.2. Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.2.1. Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat dina ngamekarkeun élmu pangaweruh ngeunaan aspék perspéktif biografis dina karya sastra, utamana dina novél Sunda.

Lian ti éta ogé ieu panalungtikan bisa dijadikeun pikeun dokumén sosial budaya.

#### **1.3.2.2. Mangpaat Praktis**

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan sacara praktis nya éta:

1. pikeun bahan informasi jeung dokuméntasi.
2. méré informasi ngeunaan aspék perspéktif biografis ngaliwatan novél *Kolébat Kuwungkuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending* salaku salasihiji unsur dina karya sastra;
3. nambahan jeung mekarkeun pangaweruh dina widang kasusastraan.

### **1.4 Anggapan Dasar**

Novél mangrupa salasihiji karya sastra anu ngangkat rupa-rupa



permasalahan atawa gejala sosial masarakat. Kitu deui dina Novél *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono, di jerona euyeub ku pasualan-pasualan sosial tur kamasarakatan naha éta permasalahan sosial, politik jeung budaya. Jadi, anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh nya éta:

1. novél *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending* téh mangrupa salasihiji karya sastra anu euyeub ngabahas pasualan sosial-masarakat.
2. dina novél *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending* téh euyeub ku amanat-amanat pikeun bahan pieunteungeun anu maca; jeung
3. panalungtikan sosiologi sastra ngaliwatan aspék perspéktip biografis masih jarang dilakukeun.

## **1.5 Méhode, Téhnik, Instrumén, jeung Sumber Data Panalungtikan**

### **1.5.1. Méhode Panalungtikan**

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode *deskriptif-analitik* ngaliwatan analisis komparatif, luyu jeung tujuan nu rék dihontal dina ieu panalungtikan. Méhode panalungtikan nu dipaké pikeun nyangking gambaran tina fakta-fakta jeung sipat objék panalungtikan sacara sistematis, logis, jeung faktual.

### **1.5.2. Téhnik Panalungtikan**

Luyu jeung métode anu digunakeun, dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi pusataka, studi analisis data, téhnik wawancara (*interview*), jeung observasi.

### **1.5.3. Instrumén Panalungtikan**

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta slip data. Slip data digunakeun pikeun ngababarikeun milih jeung milah data nu kapanggih tina téks sumber data panalungtikan.

### **1.5.4. Sumber Data Panalungtikan**

Sumber data panalungtikan nya éta sagalarupa hal boh teks boh *non teks*, nu dijadikeun sumber dina panalungtikan. Nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta Novél *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono sarta sumber-sumber tinulis lianna jeung hasil wawancara panulis jeung Tatang Sumarsono. Pikeun ngalengkepan data tinulis, sumber data dina ieu panalungtikan ogé dicokot tina observasi, nyaéta sababaraha infirmasi anu dihasilkeun saperti ruang (temppat), plaku, kagiatan, objék, tindakan, kajadian atawa peristiwa, jeung waktu.

## 1.6 Wangenan Operasional

Istilah-istilah anu perlu dipedarkeun dina ieu panalungtikan nya éta:

1. **Perspéktif Biografis** nyaéta panalungtikan pikeun ngaanalisis karya sastra dumasar kana pangarangna, anu hubunganana jeung galuring hirup saurang pangarang tur kasang tukang sosialna (Endaswara, 2003:80).
2. **Novél** nyata prosa rékaan (fiksi) anu naratif (ngawujud lalakon) umumna panjang tur galur caritana. Plotna kompléks (ngarancabang). Ku lantaran kitu wandana, novél mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi (Iskandarwassid, 1992:92).
3. **Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian** novél karangan Tatang Sumarsono anu medal taun 1995.
4. **Galuring Gending** novél karangan Tatang Sumarsono anu medal taun 2001.
5. **Tatang Sumarsono** nyaéta saurang pangarang anu lahir di Tasikmalaya taun 1956. Kungsi kuliah di IKIP Bandung (UPI). Kungsi jadi wartawan *freelance* leuwih ti 20 taun. Kiwari jadi pagawéna Uu Rukmana. Sababaraha kali dilélér hadiah Rancagé, D.K. Ardiwinata, LBSS, jsb
6. **Sosiologi Sastra** nyaéta cabang panalungtikan sastra anu sifatna réfléktif, nyaéta mandang sastra salaku eunteung kahirupan masarakat.